



**DEKLARASYON LWA SOU DWA PRIVE**

Seksyon 9 Lwa nasyonal sou Manje midi nan lekòl *National School Lunch Act* (NSLA) egzije pou mete nimewo sekirite sosyal adilt ki nan kay la ki siyen aplikasyon an sofsi ou bay nimewo dosye SNAP (*food stamp*), TANF ouwa FDPIR timoun lan, ouwa si w di adilt ki nan kay la pa gen yon nimewo sekirite sosyal. Li pa obligatwa pou bay nimewo sekirite sosyal ou. Sepandan, si w pa bay yon nimewo sekirite sosyal ouwa si w pa di moun lan pa gen yon nimewo, yo pa ka apwouve aplikasyon an. Yo ka itilize nimewo sekirite sosyal la pou idantifye manm fanmi pou nan tantativ y ap fè pou verifie si enfòmasyon ki sou aplikasyon an kòrèk. Pou fè tantativ verifikasyon sa yo, yo ka fè evalyasyon pwogram, odit, ak investigasyon epi yo ka kontakte tou patwon moun yo pou konnen salè yo, kontakte yon biwo SNAP (*food stamp*) ouwa biwo welfare pou detèmine sètifikasyon aktyèl pou w resevwa benefis SNAP (*food stamp*) ouwa lòt benefis, kontakte biwo sekirite aplwa eta a pou konnen montan benefis ou resevwa ak verifie dokiman manm fanmi w bay pou pwouve kantite lajan ou resevwa. Tantativ verifikasyon sa yo ka lakoz yo elimine ouwa diminye benefis w ap resevwa, reklamasyon administratif, ouwa aksyon legal si ou rapòte enfòmasyon ki pa kòrèk.

**Deklarasyon pou pa gen diskriminasyon:** Lwa federal ak règleman Depatman Agrikilti ameriken entèdi enstitisyon sa a fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè po moun, orijin kote moun soti, sèks, laj, oubyen andikap. Pou pote plent, ekri *USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410* ouwa rele (800) 795-3272 ouwa (202) 720-6382 (TTY). USDA se yon founisè ak anplwayè ki bay tout moun menm opòtinite.

**Lòt aplikasyon:** Ou ka aplike nenpòt lò pou benefis pandan ane lekòl la. Epitou, si w pa elijib kounye a, men pandan ane lekòl la ou ta vin pa p travay, si w ta gen yon rediksyon nan lajan ki rantre nan kay la, ouwa si kantite moun nan kay la vin ogmante, ou ka mande lè sa a pou ranpli yon aplikasyon. Y ap fè w konnen si yo apwouve ouwa rejte aplikasyon an. Sepandan, si yo sipansn ba w benefis ou t ap resevwa yo, epi ou vin aplike yon lòt fwa nan menm ane lekòl la, moun nan kay la oblije bay dokiman pou pwouve kantite lajan ki rantre nan kay la ouwa prèv patisipasyon yo nan SNAP (*food stamp*), FDPIR ouwa TANF lè w ap tounen aplike. Yo pa konsidere aplikasyon sa yo kòm nouvo aplikasyon.

**Konfidansyalite:** Depatman Agrikilti Etazini *United States Department of Agriculture* (USDA) apwouve pou yo bay non ak kondisyon pou kalifikasyon elèv san konsantman paran/gadyen legal ba moun ki an kontak dirèk ak administrasyon an ouwa ba otorite pwogram edikasyon federal tankou Tit I ak Evalyasyon nasyonal pwogrè edikatif National Assessment of Educational Progress (NAEP), ki se pwogram NYCDOE itilize pou deside domèn tankou repatisyon lajan ba lekòl pou evalye kondisyon sosyoekonomik nan domèn prezans lekòl la ak pou evalye pwogrè edikatif. Yo ka bay enfòmasyon sa yo tou ba pwogram sante ouwa pwogram edikasyon Eta a ke Ajans Eta ouwa ajans edikasyon *local education agency* (LEA) ap administre enfòmasyon yo, amwenske Eta a ouwa LEA ap jere pwogram lan, ak pwogram eta federal ouwa pwogram nitrisyon lokal ki menm ak pwogram nasyonal manje nan lekòl. Anplis, yo ka devwale tout enfòmasyon ki nan aplikasyon pou manje gratis ouwa a pri redwi a ba moun ki an kontak dirèk avèk administrasyon ouwa aplikasyon pwogram ki otorize dapre NSLA ouwa Lwa sou nitrisyon timoun *Child Nutrition Act* (CNA); paegzanp pwogram NSL ak *School Breakfast Programs*, pwogram espesyal pou bay lèt *Special Milk Program*, pPwogram manje pou swen timoun ak adilt *Child and Adult Care Food Program*, Pwogram sèvis manje pandan ete *Summer Food Service Program* ak pwogram espesyal nitrisyon siplemantè pou fanm, tibebe ak timoun *Women Infants and Children* (WIC); Enspektè jeneral Comptroller Genral Etazini pou fè odit, ak otorite polis federal, eta ak lokal pou envestige akizasyon sou vyolasyon pwogram dapre NSLA ouwa CNA. Pou divilge enfòmasyon sou elijiblite NSLA pa otorize an patikilye, yo oblije genyen yon konsantman paran/gadyen legal alekri.

PRI MANJE AK LÈT POU ELÈV POU ANE 20011-2012			
	MANJE MIDI	MANJE MIDI	LÈT
PRI REDUI	\$ 000	\$ 025	\$ 025
PRI KONPLÈ		\$ 150	

REKÒMANDASYON POU ELIJIBLITE DAPRE REVNI POU MANJE A PRI REDUI**					
Kantite moun ki nan kay la	Revni anyèl ki pa plis pase	Revni chak mwa ki pa plis pase	Revni de mwa pa mwa ki pa plis pase	Revni chak de semèn ki pa plis pase	Revni chak semèn ki pa plis pase
1	\$ 20,147	\$ 1,679	\$ 840	\$ 775	\$ 388
2	27 214	2 268	1 134	1 047	524
3	34 281	2 857	1 429	1 319	660
4	41 348	3 446	1 723	1 591	796
5	48 415	4 035	2 018	1 863	932
6	55 482	4 624	2 312	2 134	1 067
7	62 549	5 213	2 607	2 406	1 203
8	69 616	5 802	2 901	2 678	1 339
<b>Pou chak manm fanmi anplis, AJOUTE:</b>					
	706	589	295	272	136

LAJAN KI RANTRE NAN KAY LA OU GEN POU RAPÒTE	
Lajan travay avan taks Ekri tout djòb ou fè.	Revni, salè, pouwa, komisyon, revni apre taks ou realize nan biznis pèsone l ou ak fèm ou genyen, benefis yo peye w nan peryòd grèv, lajan chomaj unemployment compensation, ak konpansasyon travayè worker's compensation.
pansyon/lajan retrèt/ sekirite sosyal	Pansyon, lajan retrèt, sekirite sousya, SSI, ak peman veteran.
Tout lòt revni	Revni total lajan kay ou lwaye, annuities, dwa otè sou liv ou ekri; alokasyon pou envalidite; enterè; revni sou dividann; lajan ou wete nan epay ou; lajan ou fè sou byen imobilye, trusts, ak/ouwa envestisman; lajan moun ki p ap viv nan kay ou fè w kado regilyèman; ak tout lòt lajan ki ka disponib pou peye pou manje pitit ou a.

**AVI POU MOUN KI ABITE NAN KAY LA:**

**Si w bezwen èd ouwa si w gen kesyon sou aplikasyon an**  
**Kontakte Schoolfood Help Desk ,**  
**Rele: (877) 363-6325**  
**Email: foodcompliance@schools.nyc.gov**

**MOUN NAN KAY LA PA DWE EKRI APRE LIY SA A -- SE SEL ESTAF LEKÒL LA KI POU EKRI LA A**

**DATE EFÈKTIF: 1YE JIYÈ 2011 RIVE 30 JEN 2012**  
**\*\*LEKÒL YO PA DWE ITILIZE TABLO PI WO A POU FINALIZE APLIKASYON MOUN NAN YON KAY VOYE BA YO**

**ANNUAL INCOME CONVERSION RECOMMENDED (OFFICIAL SHOULD ONLY CONVERT WHEN MULTIPLE FREQUENCIES ARE REPORTED ON APPLICATION)**

**WEEKLY: MULTIPLY BY 52; EVERY TWO WEEKS: MULTIPLY BY 26; TWICE A MONTH: MULTIPLY BY 24; MONTHLY: MULTIPLY BY 12**

Application APPROVED for:  FREE MEALS  REDUCED-PRICE MEALS

SNAP (food stamp)/TANF  Foster Child

INCOME HOUSEHOLD: Total Household Income/Frequency: \$ \_\_\_\_\_ • \_\_\_\_/\_\_\_\_ Household Size: \_\_\_\_

Temporary Free (expires in 45 calendar days). Indicate each renewal date when household is contacted:

1. \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ 3. \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ 4. \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

Application DENIED for Free or Reduced-Price Meals.

**Reason for Denial:**  Incomplete Application  Income Too High/Do Not Qualify box is checked

Child will not participate in program

Indicate Date Eligibility Notification Letter Sent to Household: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

I certify that all information reported on this form is true and the eligibility determination made is based on the information provided by the household. I understand that school officials may verify the information and the procedures for certifying this application and that deliberate misrepresentation of the information may subject me to prosecution under applicable State and Federal laws, and the school may lose meal and monetary benefits. I understand that the school principal has the ultimate responsibility for all forms filed by the household and certified at the school and at any given time may review forms for accuracy and integrity and monitor the procedures used for certification.

Name of School Reviewing Official (PRINT): \_\_\_\_\_

Signature \_\_\_\_\_ Date Certified: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_